



Pou Piblikasyon Imedya: 09/04/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE MEZI RESTRIKSYON SOU CHOFÈ KI DISTRÈ PANDAN YAP KONDWI

Lapolis Eta pral itilize machin ki make ak sa ki pa make pou bay chofè kap itilize telefòn ansanm avèk lòt aparèy yo kontravansyon

Chofè yo kenbe yo ka peye plizyè santèn dola nan amann ak revoksyon lisans pou chofè ki fenk gen lisans yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse yon restriksyon nan tout eta sou chofè yo ki distrè pandan yap kondwi, nan kad deziyasyon mwa avril kòm mwa Nasyonal sansibilizasyon sou kondwi distrè. Apati 10 avril pou rive a 15 avril ajan yo nan machin ki make ak sa ki pa make pral agresivman bay chofè ki kenbe aparèy nan men yo kontravansyon—tankou telefòn pandan yo dèyè volan.

“Twòp fwa nou te wè konsekans ki dechire kè kondwi avèk distraksyon, e avèk restriksyon sa nap yon fwa ankò voye mesaj nou pa pral tolere nan New York pou chofè yo ap fè apèl oswa voye tèks pandan yap kondwi dèyè volan,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Mwen ankouraje tout chofè yo pou mete aparèy yo atè epi konsantre sou wout la.”

Daprè Administrasyon National Highway Traffic Safety, 3,154 moun te mouri e 424,000 te blese nan tout peyi a nan aksidan ki gen rapò a chofè ki distrè nan ane 2013. Anplis, dis pousan nan tout aksidan mòtèl yo te gen ladan yon chofè ke yo te idantifye kòm distrè nan moman aksidan an.

Gouvènè Cuomo [te siyen](#) an lwa nan ane 2013 kèk nan penalite ki pi sevè nan peyi a, e lwa aktyèl Eta New York enkli penalite ki annaprè yo pou chofè ki distrè yo:

- Pou yon premye enfraksyon, kontravansyon minimòm lan se \$50 epi kontravasyon maksimòm lan rive \$200
- Yon dezyèm enfraksyon nan 18 mwa ogmante amann kontravansyon an a \$250
- Yon twazyèm enfraksyon nan 18 mwa ap lakoz nan yon amanmm maksimòm de \$450

- Chofè ki fenk gen lisans yo ak sa yo ki sou pwobasyon ka sibi yon sispansyon pou 120 jou nan lisans yo pou premye ofans lan, ak yon ane revokasyon sou pèmi oswa lisans yo si yo komèt dezyèm ofans lan nan yon peryòd sis mwa.

Nan kad kanpay Gouvènè a pou mete fen nan kondwit distrè, Operation Hang Up se yon efò ranfòsman espesyal pou entansifye patwouy ak zòn kontwòl. Twoup yo pral sèvi avèk toulè machin polis eta ki make ak sa ki kache idantite machin kontwòl sikilasyon an machin ki pa make (ki pa make) kòm yon pati nan operasyon an nan fason pou idantifye pi fasilamn chofè yo kap itilize aparèy avèk men yo pandan yap kondwi. Machin ki pa make yo ap pèmèt twoup yo obsève pi byen vyolasyon kondwi ki gen rapò a distraksyon. Machin sa yo melanje avèk machin ki nan lari a chak jou men yo san ekivòk tankou machin ijans yon fwa limyè ijans lan aktive.

Pandan dènye kanpay la de 26 novanm a 30 novanm 2014, Lapolis Eta te bay plis pase 1,000 kontravansyon, enkli plis pase 550 kontravansyon pou kondwi ki distrè. Kontravansyon sa yo te yon konbinezon pale nan telefòn san yo pa gen yon kask telefòn, tèks, oswa itilize yon aparèy elektwonik pandan yap kondwi.

Sipè-entandan Lapolis Eta New York Joseph D'Amico te deklare, "Kondwi pandan wap itilize yon telefòn oswa lòt aparèy elektwonik se yon vyolasyon grav e li pa pral tolere nan Eta New York. Okenn mesaj oswa apèl pa vo lavi yon lòt moun. Ajan Eta yo pa pral ezite bay kontravansyon a chofè yo ki pa aplike mesaj senp sa."

Kanpay la finanse pa Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a. Pou jwenn plis enfòmasyon ale nan sitwèb www.safeny.ny.gov. Pou jwenn plis enfòmasyon sou lwa Eta a sou telefòn selilè ak mesaj tèks, ale sou: www.dmv.ny.gov/cellphone.htm. Pou jwenn plis enfòmasyon sou distraksyon nan kondwi machin, vizite www.distraction.gov.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418